

KONNEN DWA OU

- Èske w rete nan yon kay pou yon ti moman/tanporè?
- Ou vle pou pitit ou rete nan menm lekòl yo ye kounye a?
- Èske ou gen pwoblem pou enskri pitit ou lekòl oswa pou transpòte yo lekòl la?

Gen Èd disponib.



1. Si ou rete tanporèman ak yon lòt moun, paske ou pèdi kay ou, oswa si w tap dòmi nan yon motèl, kan, abri oswa nenpòt kote ki pa andedan yon kay oswa ki pa apwopriye pou fanmi ou, ou menm ak pitit ou yo gen dwa spesyal nan lekòl la.
2. Dwa sa yo enkli:
 - Rete nan menm lekòl la menm si ou demenaje soti nan kay la oswa nan katye a; yo ka resevwa transpò gratis pou yo ale nan lekòl la depi se nan enterè elèv la.
 - Enskri e patisipe nan lekòl la imedyatman, menm si yo pa prezante dokiman obligatwa yo.
 - Resevwa manje gratis nan lekòl la.
 - Resevwa èd avèk founiti lekòl la ak lòt bagay yo bezwen.
 - Resevwa plis sipò pou elèv ke paran yo pa akonpanye yo.
 - Jwenn èd pou jèn timoun yo ka enskri nan pwogram lekòl matènèl yo.
3. Mande pou nou pale ak moun ki nan distri lekòl ou an ki ap dirije pwogram "Mckinney-Vento" a, ki pral detèmine kijan pwogram sa a ka ede ou menm ak pitit ou yo.
4. Si ou pa kapab rive kontakte kòòdinatè nan distri lekòl la oswa si ou gen lòt kesyon, tanpri kontakte moun ki ap dirije pwogram leta "Mckinney-Vento" a sou sit sa a: <http://nche.ed.gov/wp-content/uploads/2019/08/SC-Contact-list-.pdf>.